

A.D. Henderson University School & FAU High School Plan angajman paran ak fanmi yo pou lane 2024-2025

Se manm pèsonèl la ak paran yo ki te prepare plan sa ansanm epi te dakò sou li. Li reflete objektif plan Tit I, Pati A nou an ak kwayans pèsonèl, paran ak manm kominate nou an.

Deklarasyon misyon

Alexander D. Henderson University School ak FAU High School fè efò pou yo: (1) demonstre meyè pratik nan edikasyon pwofesè; (2) inove, devlope, epi bay elèv yo yon kourikoulòm ki gen defi ladan li epi ki ekilibre avèk sipò inovatè akademik; ak (3) mennen ak sipòtè nouvo rechèch edikatif.

Deklarasyon vizyon:

A.D. Alexander D. Henderson University School/FAU High School (ADHUS/FAUHS) se yon bon modèl lekòl nasyonal pou sistèm lekòl yo ak pwogram preparasyon pwofesè yo ki amelyore edikasyon pou plizyè kalite elèv pa mwayen rechèch inovatif ak kourikoulòm ke pwofesè yo prepare.

Konferans Pwofesè-Paran

Konferans yo se youn nan mwayen ki pi enpòtan paran/responsab legal ak pwofesè yo travay ansanm tankou yon ekip. Konferans yo se yon mwayen enpòtan pou pataje enfòmasyon sou enterè espesyal elèv yo. Se yon bon moman tou pou diskite pwogrè akademik yo epi pou jwenn lide sou fason paran/responsab legal yo ka pi byen ede timoun yo lakay. Gen entèprèt ki disponib sou demann.

Kominikasyon lekòl

- Bilten enfòmasyon chak mwa
- Sistèm notifikasyon nan telefon/imèl
- Sitwèb lekòl
- Aplikasyon FOCUS
- Konferans Pwofesè/Paran
- Rapò pwogrè/kanè

Dwa paran yo pou konnen

Paran/Responsab legal yo ka mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè yo ak pèsonèl la k ap travay ak timoun yo a.

Aktivite lekòl chak ane

- Rankontre ak pwofesè a (Meet the Teacher)
- Ekspozisyon liv
- Sware pòt louvri/kourikoulòm
- Oryantasyon pou retounen lekòl/Reyinyon akeyi (vityèl)
- Sware enfòmasyonèl chak ane sou fanmi, tradisyònèlman fèt pandan premye reyinyon PTO nan ane lekòl la
 - Rezime pwogram Tit I an
 - Pataje enfòmasyon sou fason pou w enplike nan aktivite lekòl la patwone.
 - Konprann dwa paran yo pou konnen



Florida Atlantic Laboratory Schools
777 Glades Road, 26
Boca Raton, FL 33431
tel: 561.297.3975
www.labschools.fau.edu

Òganizasyon Pwofesè/Paran nan A. D. Henderson and FAU High

Òganizasyon Pwofesè/Paran (PTO) se yon gwooup moun ki enplike anpil ki travay men nan men avèk pwofesè yo ak pèsonèl la nan avantaj elèv nou yo. Paran, responsab legal, manm fanmi granmoun, pwofesè, pèsonèl ak manm kominate a ka antre nan PTO a!

PTO a rankontre kat fwa nan yon ane: Septanm, oktòb, janvye ak me Pou w antre nan PTO a epi ede maksimize enpak eksperyans edikatif la, ale sou <https://adhuspto.givebacks.com/>. PTO patwone aktivite annapre yo.

Aktivite elèv ak fanmi

- FAU Foutbòl Tailgates
- STEM lannwit
- Festival Otòn ak Patch Jounou
- Fèt Thanksgiving
- Holiday Shoppe
- Sware fim
- Sware paran yo
- Dans Figi Papa/Pitit fi
- Sware jwèt Manman Figi/Pitit gason
- Fwa Liv Scholastic
- Dejene VIP nan jadandanfan

Levedefon

- Box Tops
- Owls Run
- Spirit Store

Sipò pou pwofesè ak pèsonèl

- Bon retou pou pwofesè
- Jounen administratè
- Dejene jounen devlopman pwofesyonèl
- Semèn apresyasyon pwofesè

Enfòmasyon pou Paran ak Sant Resous

Se Depatman Edikasyon nan Etazini ki te etabli Enfòmasyon pou Paran ak Sant Resous (Parental Information and Resource Centers, PIRC) nan ane 1995 pou bay paran/responsab legal, lekòl ak òganizasyon yo enfòmasyon sou fòmasyon ak asistans teknik pou konprann fason timoun yo devlope epi sa yo bezwen pou reyisi nan lekòl.

Florid gen 2 PIRC. Objektif tou de ajans yo se pou ogmante patenarya ant lakay ak lekòl pou ka ogmante reyisit elèv la.

1. Rezo Fanmi sou Andikap nan Florid (Family Network on Disabilities of Florida, FND)
<https://fndusa.org/>
2. Lyen sou patisipasyon paran <http://www.fl doe.org/schools/family-community/family-involvement-links.shtml>